

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Dasar ieu panalungtikan nyaéta ku beuki saeutikna panalungtikan ngeunaan carita pantun Sunda. Padahal carita pantun mangrupa budaya asli Sunda anu teu kapangaruhan ku budaya séjén. Anu jadi obyék panalungtikanana nyaéta carita pantun Lutung Kasarung versi C.M Plyete (LKP) jeung versi Ajip Rosidi (LKA). LKP dikumpulkeun ku Plyete taun 1911, sedengkeun LKA dikumpulkeun ku Ajip Rosidi taun 1973 dina Proyék Penelitian Pantun Sunda anu dipantunkeun ku Ki Sadjin ti Baduy.

Carita LKP nyirikeun yén nuansa carita pantun téh kaasup kana carita pantun ti Priangan. Ieu hal bisa katitén tina rajahna anu rada panjang. Sedengkeun LKA anu dipantunkeunna di Baduy bisa diasupkeun kana carita pantun ti Baduy lantaran rajahna anu pondok sarta déskripsi carita anu monoton tur diulang-ulang. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta boh LKP boh LKA sarua nyaritakeun lalampahan Lutung Kasarung. Dina LKP, carita museur kana tokoh Purba Sari, putri bungsu raja anu mah dikaniaya ku nagara (Purba Rarang). Purba Sari dibantuan ku Guru Minda dina wujud Lutung Kasarung sarta meunang pitulung ogé ti pangeusi kayangan anu dikomandoan ku Sunan Ambu. Sedengkeun dina LKA, carita museur kana lalampahan Lutung Kasarung néangan pijodoeunana tuluy caritana dina marebutkeun Putri Bungsu jeung mertahankeun nagarana. Tina segi galur carita aya sababaraha parobahan ti LKP ka LKA. Dina LKA mah teu dicaritakeun ayana adu kabisa antara putri cikal jeung putri bungsu, padahal dina LKP éta galur téh jadi carita anu paling mindeng dicaritakeun. Dina LKP teu dicaritakeun Lutung Kasarung marebutkeun Purba Sari jeung raja séjén sarta parebut kakawasaan, tapi dina LKA mah dicaritakeun Lutung Kasarung perang jeung Dumalahu pikeun meunangkeun Putri Bungsu sarta parebut kakawasaan jeung Ratu Galuh.

Tina LKP jeung LKA, kapaluruh aya pola anu mindeng kapanggih dina unggal carita pantun séjénna. Ieu hal dianalisis maké tiori indéks motif Stith Thompson. Aya 18 motif dina LKP jeung LKA anu kapaluruh nyaéta 1) motif

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mitologis (*mythological motif*); 2) motif kosmologi (*cosmogony and cosmology*); 3) motif sasatoan (*animal*); 4) motif pantrangan (*tabu*); 5) motif transformasi (*transformation*); 6) motif hal anu ajaib (*magic object*); 7) motif nu maot (*the dead*); 8) motif lalampahan sakti (*marvels*); 9) motif pamohalan (*marvellous creatures*); 10) motif cocoba (*test*); 11) motif adu kabisa (*test of cleverness*); 12) motif budak bungsu (*victorious youngest child*); 13) motif angka ganjil (*formulas*); 14) motif nu nulungan (*helper*); 15) motif hukuman (*rewards and punishments*); 16) motif ngimpi (*magic sleep*); jeung 17) motif dulur nu kaniaya (*cruel relatives*); jeung 18) motif parebutan kakawasaan (*royalty and nobility*).

Dumasar hasil analisis ngeunaan sémiotik dina ieu panalungtikan bisa dicindekeun yén carita Lutung Kasarung euyeub ku simbol jeung falsafah kapercayaan masarakat Sunda buhun. Carita Lutung Kasarung dianggap karamat lantaran muka lawang carita dunya luhur sarta manggil pangeusina pikeun turun ka dunya manusa dina raraga mantuan Purba Sari. Ieu hal ceuk kapercayaan primordial mah teu meunang dilakukeun sagawayah lantaran bisi dianggap pamali jeung ngangaggu ka karuhun. Unggal unsur dina carita Lutung Kasarung ogé miboga tafsir anu dipatalikeun jeung kapercayaan masarakat. Misalna Sunan Ambu, Lutung Kasarung, adu kabisa antar tokoh, dualisme adi-lanceuk, jsb. Éta hal raket patalina jeung pamikiran spiritual masarakat Sunda buhun.

Patalina jeung intertékstual, carita Lutung Kasarung ogé mangrupa transformasi tina séjénna, utamana carita LKA. Téks-téks anu aya patalina jeung carita Lutung Kasarung misalna Babad Pasir, carita pantun CW, carita pantun MDK, carita pantun LL, jeung aya ogé unsur kasajarahaan Karajaan Galuh anu ditransformasi kana sastra lisan liwat carita pantun.

Dumasar hasil analisis, bisa dicindekeun yén sanajan LKP jeung LKA sarua nyaritakeun Lutung Kasarung tapi aya sababaraha bébédaan utamana dina nuansa carita pantun lantaran LKP miboga nuansa pantun Priangan, sedengkeun LKA nyirikeun jenis pantun Baduy. Kitu deui aya bébédaan ngeunaan puseur jeung galur carita. Tapi tina segi motif atawa pola anu mindeng kapanggih, kasampak sababaraha motif anu sarua boh di LKP boh di LKA. Kitu deui tina sémiotik, boh LKP boh LKA sarua euyeub ku falsafah jeung kapercayaan masarakat. LKP jeung LKA ogé mangrupa karya sastra anu teu leupas tina pangaruh téks sastra séjénna.

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulukan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.2. Implikasi

Ieu panalungtikan miboga implikasi dina widang paélmuan jeung widang atikan. Dina widang paélmuan ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana widang sastra, bisa ngahudangkeun deui karya sastra utamana carita pantun anu mangrupa hasil budaya asli Sunda. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan carita pantun, tina segi falsafah jeung ajén-inajén anu nyangkaruk dina carita pantun.

Pikeun widang atikan, ieu panalungtikan dipiharep jadi tarékah pikeun ngawanohkeun deui sastra-sastra buhun utamana pikeun barudak/nonoman Sunda. Udaganana sangkan sastra buhun masih tetep dipikawanoh, leuwih jauhna bisa dipikaharti lain tina unsur sastrana wungkul tapi bisa ngungkab ma'na sarta patalina jeung kahirupan sapopoé

5.3. Rékoméndasi

Sabada nalungtik ngeunaan carita pantun, utamana carita pantun Lutung Kasarung, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nyaéta sangkan bisa dipikawanoh dina wanda aslina, carita pantun kudu terus ditalungtik sarta diulik utamana tina segi tafsiran jeung implikasina kana budaya Sunda. Ieu hal lantaran carita pantun mangrupa produk asli Sunda anu teu kapangaruhan ku budaya séjén. Ku kituna bakal loba pulungeun ngeunaan ajén-inajén sarta falsafah pamikiran masarakat Sunda (utamana Sunda buhun) anu bisa dilarapkeun dina kahirupan kiwari.

Carita Lutung Kasarung dipiharep teu ngan ukur ditempo tina segi carita “déwa anu turun ka bumi pikeun néangan pijodoeun” wungkul. Lian ti éta, eusi carita pantun Lutung Kasarung téh euyeub ku kapercayaan masarakat, étika kahirupan, sarta ajén-inajén moral, atikan, jeung sosial.

Téks carita pantun bisa terus dipublikasikeun sarta bisa leuwih gampang diaksés ku masarakat boh pikeun widang akademis boh pikeun masarakat anu rék ngeuyeuban carita pantun.

Carita pantun diajarkeun di lembaga formal (sakola) lain ngan ukur museur kana galur carita jeung palakuna, tapi bisa leuwih museur deui kana tafsiranana tur

kana unsur kasajarahaan sarta patalina jeung karya sastra anu lian. Ieu hal minangka ngajembaran pangaweruh nonoman Sunda kana budayana sorangan.

Nesa Wara Puspita, 2022

Carita Pantun Sunda Lutung Kasarung (Ulikan Struktur, Motif, Semiotik, jeung Intertekstual)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu